Regione Toscana Regione Emilia-Romagna REGIONE SICILIANA REGIONE LAZIO

Co-funded by Asylum, Migration and Integration Fund of the European Union

# E DEY SAFER IF YOU SHOW MORE CARE

## INFORMATION WEY DEY IMPORTANT ABOUT ANTI-CORONA VACCINATION

Dey active in the vaccination process, ask any questions Wey you wan know about vaccine and tell the workers there about any fear or worry

### 1. Which vaccine we dey talk about?

**Pfizer/Moderna:** the pfizer and modern vaccines na Mrna type and dem dey call am covid-19 Mrna Bnt162b2(comirnaty-pfizer)and corona 19 modern vaccine Mrna-1273. E dey safe and e dey work well well and fast too d side effect dey light and e go away by hinself after some days.

**Astrazeneca/Johnson & Johnson:** D vaccine Astrazeneca and johnson&johnson na viral vectors and dem dey call am Vaxzevria(astrazeneca) and janssen (johnson &johnson). E dey safe and e dey work well well and fast too d side effect dey light and e go away by hinself after some days.

### 2. Wetin be corona 19 vaccine and na wetin e de do?

**Pfizer/Moderna:** The vaccine na to avoid make the corona no catch people wey dey 12 years or more, The vaccine no get the corona inside am and e no dey give any disease.

**Astrazeneca/Johnson & Johnson:** viral vector vaccine na the vaccine to prevent coronavirus disease 2019 for people wey don reach from 18 years up. For Italy Astrazeneca vaccine dem dey advice make dem usem for people wey don reach 60years or above. Dem don make the viral vector no come get power so e no go fit spread enter body again.

### 3. How dem dey take give di vaccine?

**Pfizer/Moderna:** Na 2 times dem dey give the vaccine injection and na for the muscle in the upper hand pfizer na 21days before you go take the 2nd one then 28 days if na the modern one you take.

**Astrazeneca/Johnson & Johnson:** Na for upper arm muscle dem dey give vaccine injections, Astrazeneca na 2 injection 10 weeks from the 1st one , then Johnson&johnson na one single dose (one injection).

### 4. Wetin dey inside?

**Pfizer/Moderna:** Na Molecule (messenger RNA) dey inside the vaccine wey produce antibodi to make the corona make e dey weak.

**Astrazeneca/Johnson & Johnson:** The vaccine get adenovirus we no fit produce o carry the virus , e dey produce outside protein wey dey help bring out immune wey go fight so go begin produce anti-bodi.

## 5. How dem take find out?

For them to bring out this vaccine dem follow every step and use security , in this case the time wey dem use bring out the vaccine dey quick thanks for the knowledge wey dem face befor for other virus wey look like this one , wey make every bodi agree and put money, and the state wey agree the first testing.

## 6. D protection go start after the injections?

**Pfizer/Moderna:** No, dey show say e go begin work after 7 days of (Pfizer) or 14 days of the (modern one) from the second injection.

**Astrazeneca/Johnson & Johnson:**

## 7. What other reactions dem find out?

The reactions genarally dey light and mild and dey solve am after some days from vaccine injection,d kind things wey go appear be like pain,swelling and some red for d place d niddle enterm tiredness,headache, muscle and joint pain , cold and fever, vomiting, swelling up of the throat. They discover rare venous for abnormal places , for people wey don reach 60 years or more that one na the possibile side effect of the Astrazeneca vaccine. Dem no confirm any risk factors, upon say the reaction dey come mostly after the 2nd dose.

## 8. Why e dey important to take vaccine?

The vaccination plan go give the result expected if pleanty people go take the vaccine fast, the gain of vaccine to avoid corona disease dey high pass the risk

## 9. People wey take vaccine go still fit pass corona to other person?

Even though the vaccine dey protect against infection, people wey don take vaccine and people wey come close to dem go still dey carefull, and use the corona measures against corona 19.

## 10. Who i go meet if after the injection i get reaction(pain,swelling by the time of the injection, tirdeness headache, muscle pain, cold, fever and other things.....?

E dey important to report the event to the pharmaceutical manager in charge at the U.S.L (hospital) with dis addresses:

**Azienda usl Toscana Centro -** farmacovigilanza@uslcentro.toscana.it - 0556938641
**Azienda usl Toscana Sud Est -** farmacovigilanza@uslsudest.toscana.it - 05775366960
**Azienda usl Toscana Nord Ovest** - farmacovigilanza@uslnordovest.toscana.it - 05846059793

E dey possible:

• To report directly about the reaction do so by filling the form inside this link **www.vigifarmaco.it**

• Fill the complain/report form wey dey dis site **www.regione.toscana.it/-/farmacovigilanza** and send to e-mail up.

For other information visit the site: **regione.toscana.it/vaccinicovid**